

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: 1) desain panalungtikan, 2) populasi jeung sampel, 3) prosedur panalungtikan, 4) instrumén panalungtikan, 5) prosedur panalungtikan, 6) téhnik panalungtikan ngawengku, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, 7) téhnik analisis data, 8) uji sipat data ngawengku uji normalitas, uji homogéntias, jeung hipotésis.

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan baris ngagunakeun *True Experimental Design*. Kagiatan dirancang ngaliwatan ékspérimén *Pretest-Posttest Control Group Design*. Kelompok hiji Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel dina pangajaran sisindiran jeung kelompok ka dua ngagunakeun modél konvénsional dina pangajaran sisindiran.

Tahap ngagunakeun ieu desain pikeun ngukur kamampuh ahir siswa dina nulis jeung nyarita (témpas sindir) sisindiran sabada ngagunakeun Modél Problem Base Learning binarung wayang golék fabel. Desain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Tabél 3. 1
Desain Panalungtikan (Ékspérimén Murni)

R	O ₁	X	O ₂	Ékspérimén
R	O ₃		O ₄	Kontrol

(Sugiyono, 2016, kc. 76)

Keterangan :

- R** : Random Fase D kelas IX SMP Negeri 11 Depok
- O₁ & O₂** : hasil diajar nulis jeung témpas sindir anu ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel.
- X** : *treatmen* dina pangajaran Sisindiran ngagunakeun modél *Problem Based Learning* (PBL) binarung Média Wayang Golék Fabel
- O₃ & O₄** : hasil diajar nulis jeung témpas sindir anu ngagunakeun modél konvénsional.

Panalungtikan miboga tujuan sangkan museur kana pangaruh kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sindir) sisindiran ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel jeung ngagunakeun modél konvénsional.

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Populasi mangrupa sakabéh individu nu aya di wilayah panalungtik atawa nu dijadikeun subjék panalungtikan. Ku kituna, ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 11 Depok anu aya di jl. Murbai Komp. Sukatani Permai, Tapos Kota Depok, Jawa Barat. Subjék panalungtikan nyaéta siswa Fase D kelas IX UPTD SMP Negeri 11 Depok Taun Ajar 2024-2025 dina tabél ieu di handap.

Tabél 3. 2
Populasi Data

Kelas Rombel	Jumlah
IX- 1	48
IX- 2	48
IX- 3	48
IX- 4	48
IX- 5	48
IX- 6	48
IX- 7	48
IX- 8	47
IX- 9	46
IX- 10	46
IX- 11	46

3.2.2 Sampel

Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh *Simpel Random Sampling* nyaéta ngumpulkeun sampel tina sabagian populasi sacara acak ogé henteu merhatikeun strata dina ieu populasi. Nurutkeun (Sugiyono, 2016, kc. 81) sampel nyaéta jumlah anu aya tina sakabéh populasi. Sampel mangrupa wawakil tina

sabagian populasi anu dipilih pikeun panalungtikan. Ku kituna, Sampel anu dipilih sacara acak pikeun dijadikeun kelas ékspérimén nyaéta kelas IX-5 anu jumlahna aya 48, 22 siswa lalaki jeung 26 siswa awéwé. Kelas kontrol nyaéta kelas IX-2 anu jumlahna aya 48, 22 siswa lalaki jeung 26 siswa awéwé. Bisa ditilik dina ieu sampel panalungtikan saperti dina tabé 3.3.

Tabél 3. 3
Sampel Panalungtikan

Kelas	Kelas	Siswa		Jumlah
		Lalaki	Awéwé	
K. Ékspérimén	IX 5	22	26	48
K. Kontrol	IX 2	22	26	48


3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu diperlukeun pikeun ngumpulkeun data anu bakal ngajawab masalah panalungtikan jeung nguji hipotésis sangkan tujuan panalungtikan bisa ka hontal. Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta soal jeung nyarita (témphas sindir).

Dumasar instrumén panalungtikan anu digunakeun mangrupa soal. Ieu soal dijieun ditepikeun ka kelas ékspérimén anu ngagunakeun modél PBL binarung média WGF jeung kelas kontrol anu ngagunakeun modél konvénsional dina pangajaran sisindiran siswa kelas IX-5 jeung IX-2 SMP Negeri 11 Depok taun ajaran 2024-2025. Soal nulis sisindiran dina ngalengkepan sisindiran dibagi jadi dua soal, siswa sacara kelompok ngalengkepan cangkang sisindiran. Soal ka dua, siswa dititah nyieun sisindiran (paparikan jeung rarakitan). Pamungkas hasil anu dikerjakeun ku siswa téh ditampilkeun di hareupeun kelas ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel sacara kelompok témphas sindir.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan medar léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan prosedur panalungtikan ieu di handap.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

Langkung jéntréna, ieu prosédur panalungtikan ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Masalah pangajaran basa Sunda di kota Depok dina ngalarapeun stratégi jeung modél dina pangajaran sisindiran

Guru saméméh ngalaksanakeun pangajaran ka kelas tangtu ngadamel administrasi pangajaran kanggo cecekelan atawa babon pikeun ngajar di kelas. Utamana dina ngalarapkeun atawa nerapkeun stratégi jeung modél pikeun ngamotivasian diajar siswa. Ku kituna loba pisan pasualan nu karandapat tangtu waé dina nangtukeun bahan ajar sisindiran anu matak pikaresepeun ogé luyu jeung kurikulum nu dipaké.

- 2) Ngarumuskeun masalah

Dina ngarumuskeun masalah tangtu waé kudu ayana pasualan pangajaran anu karandapan di kelas IX UPTD SMP Negeri 11 Depok salajengna bisa dirumuskeun masalahna.

- 3) Raraga tiori

Raraga tiori nyaéta nyiapkeun tiori-tiori anu aya pikeun nguatkeun atawa solusi tina pasualan objék panalungtikan.

- 4) Ngarumuskeun hipotésis

Ngarumuskeun hipotésis nyaéta ngarumuskeun dugaan-dugaan sementara dina panalungtikan.

- 5) Ngarumuskeun instrumén panalungtikan

Ngarumuskeun instrumén panalungtikan téh pikeun bahan-bahan anu dilaksanakeun dina panalungtikan di SMP Negeri 11 Depok

- 6) Ngabagikeun kelompok kelas jadi dua, kelas ékspérimén jeung kelas kontrol

- 7) Ngalaksanakeun panalungtikan jeung ngumpulkeun data

Dina ngalaksanakeun panalungtikan tangtu sanggeus kapanggih masalah-masalah anau karandapan dina diajar basa Sunda di UPTD SMP Negeri 11 Depok. Panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data hasil tés anu dilaksanakeun dua kali. Kanggo kelas ékspérimén dilaksanakeun panalungtikan pikeun meunangkeun data kamampuh saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel. Dina kelas kontrol dilaksanakeun panalungtikan pikeun meunangkeun data kamampuh saméméh

jeung sabada ngagunakeun Modél konvensional. Ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina diajar sisindiran.

8) Analisis Data

Data anu geus dikumpulkeun tina hasil saméméh jeung sabada ngagunakeun jeung ngagunakeun Modél konvensional. Anu hasilna téh dianalisis ku ngaguankeun aplikasi *SPSS IMB versi 25*.

9) Nyieun kacindekan

Dina ieu tahap sakabéh data téh dicindekeun kalayan luyu jeung rumusan masalah jeung data nu geus ka kumpul.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data ngagunakeun instrumen tés nu dijadikeun alat ukur sangkan apal hasil pretest jeung posttest kamampuh nulis sisindiran jeung kamampuh témpas sindir saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel. Salajengna hasil *pretest* jeung *posttest* kamampuh nulis sisindiran jeung témpas sindir saméméh jeung sabada ngagunakeun modél konvensional.

3.6 Téhnik Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan ngumpulkeun sakabéh data panalungtikan anu geus ka kumpul (Sugiyono, 2016, kc. 436). Tujuan dina nganalisis data nyaéta pikeun nguji hipotésis sarta ngajawab rumusan masalah anu disarungsum sateuacana. Ieu hal baris didésripsikeun saperti ieu di handap.

- a. Mariksa kamampuh nulis sisindiran di kelas anu ngagunakeun modél PBL binarung média WGF jeung di kelas nu ngagunakeun modél konvensional di antarana dijéntrékeun ieu di handap:

Tabel 3. 4
Kritéria Meunteun Nulis Sisindiran

No	Aspek Nulis Sisindiran	Skor	Kritéria	Skor Maksimal
1.	Eusi Gagasan	5	Eusina luyu pisan jeung jenis sisindiran	5
		4	Eusina luyu jeung jenis sisindiran	

No	Aspek Nulis Sisindiran	Skor	Kritéria	Skor Maksimal
		3	Eusina geus lumayan luyu jeung jenis sisindiran	
		2	Eusina kurang luyu jeung jenis sisndiran	
		1	Eusina kurang pisan luyu jeung jenis sisindiran	
2.	Éjahan jeung diksi	5	Éjahan jeung diksi merenah pisan	5
		4	Éjahan jeung diksi merenah	
		3	Éjahan jeung diksi geus rada merenah	
		2	Éjahan jeung diksi kurang merenah	
		1	Éjahan jeung diksi kurang merenah	
3.	Struktur (Guru lagu sarta guru wilangan jeung purwakanti)	5	Struktur luyu pisan dina ngalarapkeun guru lagu sarta guru wilangan (purwakanti)	5
		4	Struktur luyu dina ngalarapkeun guru lagu sarta guru wilangan (purwakanti)	
		3	Struktur geus lumayan luyu dina guru ngalarapkeun lagu sarta guru wilangan (purwakanti)	
		2	Struktur kurang luyu dina ngalarapkeun guru lagu sarta guru wilangan (purwakanti)	
		1	Pilihan struktur kurang pisan dina ngalarapkeun guru lagu sarta guru wilangan (purwakanti)	
4.	Karapihan Nulis Sisindiran	5	Tulisan rapih pisan tur ka baca	5
		4	Tulisan rapih tur ka baca	
		3	Tulisan lumayan rapih tur ka baca	
		2	Tulisan kurang rapih rada teu ka baca	
		1	Tulisan teu rapih jeung teu ka baca	
Jumlah				20

Modél Meunteun nulis anu dimodifikasi tina Kuswari (2010, kc. 158)

KKTP dina nulis sisindiran di SMP Negeri 11 Depok nyaéta 75 Anapon katégorina bisa dititénan dina ieu tabél di handap.

Tabél 3. 5
Katégori Pangajaran Nulis Sisindiran dumasar KKTP

Peunteun	Katégori
≥ 75	Mampuh. Hartina siswa dianggap mampuh nulis sisindiran saluyu jeung kaidahna
≤ 75	Can Mampuhh. Hartina siswa dianggap Can Mampuhh nulis sisindiran saluyu jeung kaidahna.

- b. Méré peunteun kamampuh nulis sisindiran di kelas anu ngagunakeun modél PBL binarung média WGF jeung anu ngagunakeun modél konvènsional di antarana dijéntrékeun ieu di handap.

Kritéria meunteun nulis sisindiran pikeun nangtukeun skor ahir siswa bisa niténan rumus ieu di handap.

Tabél 3. 6
Rumus Meunteun

$$\frac{\text{Jumlah Skor}}{\text{Jumlah Skor Maksimum}} \times 100$$

Tabél 3. 7
Format Peunteun Nulis Sisindiran Pretest jeung Posttest

Kode Siswa	Aspék nu Dipeunteun				Σ	P	K
	A	B	C	D			
S01							
S02							
Σ							
X							

Katerangan:

A = Eusi gagasan

B = Éjahan jeung diksi

C = Struktur (Guru lagu sarta guru wilangan jeung purwakanti)

D = Karapihan Nulis Sisindiran

Σ = Jumlah total

P = Peunteun

K = Katégori

X = Rata-Rata

- c. Mariksa kamampuh nyarita (témphas sindir) di kelas anu ngagunakeun modél PBL binarung média WGF jeung di kelas nu ngagunakeun modél konvènsional di antarana dijéntrékeun ieu di handap.

Tabél 3. 8
Kritéria Meunteun Peunteun Kamampuh Nyarita (Témpas Sindir)

No	Aspék Témpas Sindir	Skor	Kritéria	Skor Maksimal
1	Pidangan	5	Siswa wantér pisan dina midangkeun sisindiranana	5
		4	Siswa wantér dina midangkeun sisindiranana	
		3	Siswa geus rada wantér dina midangkeun sisindiranana	
		2	Siswa kurang wantér dina midangkeun sisindiranana	
		1	Siswa henteu wantér dina midangkeun sisindiranana	
2	Lafal	5	Siswa témpas sindir kalayan lafal anu jelas pisan	5
		4	Siswa témpas sindir kalayan lafal anu jelas	
		3	Siswa témpas sindir kalayan lafal lumayan jelas	
		2	Siswa témpas sindir kalayan lafal kurang jelas	
		1	Siswa témpas sindir kalayan lafal teu jelas	
3	Lentong	5	Siswa témpas sindir kalayan ngagunakeun lentong sacara bener tur pinuh kayakinan	5
		4	Siswa témpas sindir kalayan ngagunakeun lentong kalimah anu bener	
		3	Siswa témpas sindir kalayan mulai rada mampuh ngagunakeun lentong kalimah anu bener	
		2	Siswa témpas sindir kalayan kurang mampuh ngagunakeun lentong kalimah kurang tepat	
		1	Siswa témpas sindir kalayan teu acan mampuh ngagunakeun lentong kalimah anu luyu	
4	Ngawasa eusi Sisindiran	5	Siswa geus ngawasa pisan kana eusi sisindiran anu dipidangkeun	5
		4	Siswa geus ngawasa kana eusi sisindiran anu dipidangkeun	

No	Aspék Témpas Sindir	Skor	Kritéria	Skor Maksimal
		3	Siswa geus rada ngawasa eusi sisindiran anu dipidangkeun	
		2	Siswa kurang ngawasa eusi sisindiran anu dipidangkeun	
		1	Siswa teu ngawasa eusi sisindiran anu dipidangkeun	
Jumlah				20

Modél Meunteun nulis anu dimodifikasi tina Kuswari (2010, kc. 158)

KKTP dina témpas sindir sisindiran di SMP Negeri 11 Depok nyaéta 75 anapon katégori bisa dititénan dina ieu tabél di handap.

Tabél 3. 9

Katégori Pangajaran Sisindiran dina nyarita (témpas sindir) dumasar KKTP

Peunteun	Katégori
≥ 75	Mampuh. Hartina siswa dianggep mampuh témpas sindir saluyu jeung kaidahna.
≤ 75	Can Mampuhh. Hartina siswa dianggep Can Mampuh témpas sindir saluyu jeung kaidahna.

- d. Méré peunteun kamampuh nyarita (témpas sindir) di kelas anu ngagunakeun moodél PBL jeung média WGF jeung nu ngagunakeun modél konvénsional.

Tabél 3. 10

Format Peunteun Kamampuh Nyarita (Témpas Sindir)

Kode Siswa	Aspék nu Dipeunteun				Σ	P	K
	A	B	C	D			
S01							
S02							
Σ							
X							

Keterangan:

A = Pidangan

B = Lafal

C = Lentong

D = Ngawasa Eusi Sisindiran

Σ = Jumlah Total

P = Peunteun

K = Katégori

$\bar{X}$ = Rata-Rata

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngagunakeun program *SPSS PASW versi 25*. Uji sipat dilaksanakeun pikeun nangtukeun uji normalitas jeung uji homogénitas.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun nguji data normal atawa henteu. Dilaksanakeunna uji normalitas téh sangkan katitén distribusi data panalungtikan. Data anu ditarima nyaéta data anu miboga distribusi normal.

Dina nangtukeun data téh normal atanapi henteu, kudu uji tés ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk (SW)*. Anu hasil uji hipotésis data normalna saperti ieu di handap.

H_0 = distribusi data normal

H_a = distribusi data teu normal

Uji normalitas anu ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk (SW)*, bisa katitén ku taraf signifikan anu kudu 5% (0,05) anu kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sign (signifikansi) $\geq 0,05$

H_a ditolak, lamun nilai sign (signifikansi) $\leq 0,05$

3.6.1.2 Uji Homogénitas

Dina uji homogénitas téh katitén sarua henteuna data anu kaasup distribusi normal atawa data homogén nyaéta lamun nilai signifikansi leuwih ti 0,05 (sig>0,05). Lamun kurang ti 0,05 (sig<0,05) éta data distibusina teu normal atawa teu homogén. Anapon data nu dianalisis téh kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sindir) ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel jeung ngagunakeun modél konvensional ka siswa Fase D SMP Negeri 11 Depok.

3.6.1.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilaksanakeun pikeun nangtukeun kaputusan saheulaanan ngeunaan masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu hal sangkan data téh bisa ngabuktikeun data normal atawa henteu normal. Hipotésis kudu dirumuskeun

sacara jéntré sangkan bisa nunjukeun ayana patula-patalina anantara dua *variabel* atawa leuwih dirojong ku tiori-tiori para ahli atawa hasil panalungtikan anu relevan.

Uji hipotésis téh dibagi jadi dua cara, uji normalitas sangkan nuduhkeun data téh miboga distribusi normal ngaliwatan uji *statistic parametric*. Uji statistik *non-parametric* dilaksanakeun saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun distribusi data anau teu normal. Ku kituna dina nuduhkeun distribusi data nu teu normal téh ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

- a. H_0 : teu aya bédana kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sendiri) ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* (PBL) binarung Média Wayang Golék Fabel jeung ngagunakeun modél konvensional dina pangajaran sisindiran ka siswa Fase D SMP Negeri 11 Depok Taun Ajar 2024-2025.
- b. H_0 : aya bédana kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sendiri) ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* (PBL) binarung Média Wayang Golék Fabel jeung ngagunakeun modél konvensional dina pangajaran sisindiran ka siswa Fase D SMP Negeri 11 Depok Taun Ajar 2024-2025.